

Chè Paran ak Responsab Legal:

Dènyèman nou te mande ou pou di nou si ptit ou satisfè definisyon "timoun ak jèn imigran." Depatman Edikasyon Eta Connecticut (The Connecticut State Department of Education, CSDE) te mande nou pou rasanble enfòmasyon sa yo.

Kounye a CSDE mandeb nou pou ba ou lòt enfomasyon ki anba la yo pou eksplike ou demann sa a.

**Rezon pou demann lan.** CSDE administre yon sibvansyon federal ki bay finansman pou distri lekòl yo pou sèvis edikasyon enpòtan ak sipò pou nouvo elèv imigran yo.

Yon distri lekòl kalifye pou sibvansyon an si li gen yon ogmantasyon enpòtan nan kantite timoun ak jèn imigran ki nan distri a. Dapre lalwa federal, kantite timoun ki satisfè definisyon " timoun ak jèn imigran" detèmine kantite lajan sibvansyon an.

**Fason nou itilize Enfòmasyon sa yo.** CSDE ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou detèmine si yon distri lekòl kalifye pou resevwa sibvansyon federal epitou pou detèmine kantite lajan sibvansyon an.

**Pa gen Efè sou Enskripsyon Piti Ou nan Lekòl.** Ptit ou gen dwa pou ale lekòl kit ou reponn demann sa a kit ou pa reponn li. Si ou chwazi pou reponn demann lan oswa si ou te reponn li deja, repons ou p ap afekte dwa ptit ou pou li ale lekòl

**Repons ou bay la ap rete konfidansyèl.** Repons ou bay alekri a pwoteje avèk Lwa sou Dwa ak Konfidansyalite Enfòmasyon Prive pou Edikasyon Fanmi (Educational Rights and Privacy Act, FERPA) epi n ap kenbe respons ou konfidansyèl. Nou p ap pibliye li ba publik la oswa ba lòt ajans gouvènman sof si ou bay konsantman ou alekri oswa si nou resevwa yon sitasyon oswa yon lòd nan yon tribunal ki egzije nou pou divilge respons ou.

**Pa gen sanksyon poutèt Ou Pa Reponn.** Ou pa gen obligasyon pou reponn epi si ou chwazi pou pa reponn, pa gen sanksyon poutèt sa epitou ptit ou ap toujou kapab ale lekòl.

Si ou gen nenpòt kesyon pou distri lekòl la, tanpri kontakte \_\_\_\_\_. Si ou gen nenpòt kesyon pou Eta a, tanpri kontakte Divizyon Afè Legal ak Gouvènman CSDE nan nimewo (860) 713-6520.

Ak tout kè nou,